

Kisa Ki Premye Etap?

Premye Etap se pwogram **entèvansyon prekos** Indiana pou timoun depi yo fèt rive laj twa zan ki ta benefisye de plis sipò pou atenn repè devlopmantral yo. Premye Etap sipòte fanmi ak gadyen nan ede pitit yo aprann ak grandi atravè aktivite kotidyen fanmi yo. Timoun aprann bati relasyon ak lòt timoun ak granmoun, devlope endepandans, jwe ak grandi.

Kisa ki entèvansyon prekos?

Entèvansyon Prekos (EI) dekri sèvis ak sipò ki disponib pou bebe ak timoun piti ki genyen reta devlopmantral ak andikap ak fanmi yo. Sila a gen dwa genyen ladan li otofoni, fizyoterapi, ak lòt tip sèvis selon bezwen timoun nan ak fanmi a.

Kiyès Ki Elijib?

Fanmi ki genyen timoun depi yo fèt tive fèt twa zan yo ki:

- P ap atenn repè apwopriye pou laj yo
- Soude ak sèten kondisyon

Si w panse pitit ou oubyen yon timoun ou konnen kapab ap fè **reta devlopmantral**, kontakte doktè w oubyen Premye Etap pou plis enfòmasyon ak sipò. Pi bonè ou kontakte Premye Etap plis nou kapab fè pou w ak pitit ou.

Kisa ki reta devlopmantral ak andikap?

Reta devlopmantral ak andikap kapab genyen ladan yo defisyans na domèn fizik, aprantisaj, lengwistik oswa konpòtman. Kondisyon sa yo kòmanse pandan peryòd devlopmantral la epi yo kapab afekte fonksyonman de jou an jou apre premye lane yon timoun.

Kòmanse

Premye Etap angaje ak fanmi nan tout Indiana. Men kijan w kapab kòmanse.

Nenpòt moun kapab refere yon timoun nan Premye Etap. Kit ou se paran, fanmi, founisè sèvis, doktè oubyen yon lòt moun nan vi yon bebe oswa timoun piti, ou kapab konekte timoun sa avèk Premye Etap epi ede li aprann ak grandi. Kontakte Premye Etap dirèkteman pou evalye elijibilite pou pitit ou oubyen yon timoun ou konnen.

Si nou detèmine yon timoun elijib epi bezwen sèvis entèvansyon prekos apre yon evalyasyon, yon kowòdinatè sèvis pral travay pou jwenn pit bon sipò ki disponib pou pitit ou ak fanmi w.



Pou kòmanse ale sou sit entènet nou pou plis enfòmasyon, Kesyon Moun Poze Souvan epi jwenn founisè Premye Etap lokal ou.

FirstSteps.in.gov



@FirstStepsIndiana
FirstSteps.IN.gov



Se Premye Etap Yo ki Pi Enpòtan

Kòm paran, se ou ki konnen pitit ou pi byen, men li ka difisil konnen kisa pou atann an tèm devlopman. Premye Etap se resous referans Indiana a pou ede w nan pwosesis la.

FirstSteps.IN.gov



Ak Kisa Premye Etap Sanble?

Bi Premye Etap se pou ede fanmi Hoosier yo asire bebe yo ak timoun piti yo resevwa sèvis ki mache pi byen pou kwasans yo ak aprantisaj yo andanm ak bezwen fanmi yo.

Nou founi sèvis sou baz endividyel. Se ou menm ak pitit ou ki pati pi enpòtan nan pwogram nan, epi nou pèsonalize sèvis sipò nou yo pou yo reflekte kilti, priorite ak estil aprantisaj prefere ki pi byen korespòn ak sa w vle ak bezwen. Bebe ak timoun pitit devlop ak aprann atravè woutin kotidyen siyifikatif avèk moun ak kote yo konnen. Nou konekte fanmi avèk sèvis pou ede nenpòt kote li pi konvenyan ak fanmi, anpil fwa lakay w.

“Swen an ak investisman an nan men founisè endividyèl yo te sitelman konsantre sou timoun, se te yon bagay mèveye.”

Mark, paran nan Premye Etap



“Bagay ki pi satisfèzan nan Premye Etap la se ke yo ede paran yo wè pitit yo pou ki moun yo vreman ye a.”

Megan, paran nan Premye Etap

Kontwòl Devlopman Pitit Ou

Aprantisaj ak devlopman yon timoun fèt pi rapid pandan premye twa lane lavi yo. Se poutèt sa li telman enpòtan pou w bay pitit ou pi bon kòmansman ki posib.



SKANE M

Skane kòd QR sa a sou aparey mobil ou pou aprann plis bagay sou repè devlopmanal.

Kisa ki repè devlopmanal?

Repè Devlopmanal se konpetans timoun aprann pandan y ap grandi. Timoun atenn repè nan fason yo jwe, aprann, pale, aji, ak bouje.